ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПЛЫЗЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№176 (22.334) ● 2012 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бззэрхэм я лэжьакIэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнущ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и унафэщI Чечеков Ануар иригъэкIуэкIащ. Абы депутатхэр щыхэплъащ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу щэщIым щигъум.

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и планар зэIущIэр фокIадэм и 27-м зэхуэгъэсыну унафэ къащтащ депутатхэм.

Законодательствэмрэ къэрал уухуэкIмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Тату Арсен** Президиумым хэтхэм я пащхьэ къриплъхьащ «ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм теухуауэ» и Законым и 30 статьям зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ» законопроектыр. Мы документыр зыгъэхъэзырахэм къалытэ ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм политикэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкI мыхъуну, политикэ партым е политикэ мурадхэм ятелажьэ нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтыну хуимыту зыгъэув мардэр республикэ законым хэгъэкIын хуейуэ.

«Бззэрхэм я лэжьыгъэр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщыхъэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ» республикэ законым и проектым теухуауэ Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хъэрычэт IуэхумкIэ комитетым и унафэщI **Марьяни Иринэ**. Документым къегъэув «Бззэрхэм я лэжьыгъэр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщыхъэрагъэпэщым теухуауэ» Законыр зыхуэзгъэза Iуэхуэхэм сату зэпеуэхэр егъэкIуэкIныныр хэгъэкIын хуейуэ. Абы къыдэкIуэу, законопроектыр зыгъэхъэзырахэм къальытэ сату комплексхэр бззэрхэм япэлъытыпхъэу икIи абыхэм я лэжьыгъэр республикэ законым зэблигъэкIын хуейуэ.

Апхуэдэу мы комитет дыдэм Президиумым и зэIущIэм къыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур зэрызэрахьэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ» законопроектыр. Ар нэхъыбэу зытеухуар зи устав мылъкум республикэм и акцэхэр (Iыхьэ) хэль хозяйствэхэм КъБР-м и сэбэн зыхэлъхэр щыпхъыгъэкIыфыну унафэщIхэр, ревизорхэр зэпеуэкIэ къыдэхахуну IащIагъэпI гупхэр къыдэзыгъэпэщыныр. Апхуэдэу законопроектым къыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ» законопроектым и Iуэхуэ **Дадэ Муэед** депутатхэм я пащхьэ къриплъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экологием зэрыщыхурагъадэжэм, экологие зэхэщIыкIыр зэрыщызэтрагъэувам и Iуэхукъ» законопроектыр. Ар зыгъэхъэзырар республикэм и Парламентым и УнафэщI Чечеков Ануарщ. Къэпсалъэм хыхигъэщIхьэхукIащ мы документыр икъукIэ игъуэу зэрыщыIыр. УФ-м и Федералнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым ЩIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и комитетым дызэрыт илъэсым нахьыбэм и 18-м Санкт-Петербург щриГъэкIуэкIащ цIыхухэм экологие щIэныгъэ егъэзгъэныным теухуа зэIущIэр. Абы къыщащта чэнджещхэм къыщыхагъэщащ УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и органхэм экологие егъэджэныгъэм теухуа щIыналъэ законхэр къащтапхъэу къызэральытэр.

Законопроектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, экологие егъэджэныгъэр республикэм цIыхухэм щрагъэгъуэт щIэныгъэм кыгъэхьэпIэ зимыIэ и Iыхьэу щытын хуейщ. Экологием теухуа Iуэхуэр хэгъэхьапхъэщ зи школ кIуэгъэу мыхъуахэм курыт еджапIэхэм щIэсхэм ирагъэнэут щIэныгъэм. Апхуэдэу документым хьеГъэув дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ курыт щIэныгъэ хэха, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ Iэщ1агъэпIэхэр гъэхъэзырпхъэу, хъулыкъущIэхэм, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэщ1агъэпIэхэм, е ещанэ щIэныгъэм щыхагъахьуэкIэ экологием пыщIа Iуэхуэхэр хэгъэхьэн хуейуэ.

Президиумым хэтхэр апхуэдэу зэхпIащ законэр къыдэгъэкIыным хуэгъэзауэ УФ-м и нэгъуэщI субъектхэм я парламентархэм къыхалъха жэрдэм зыбжанэм.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апI1эм и лэжьакIуэ.

● Щэнхабзэ

КъыкIэлъыкIуэ зэхыхьэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым

Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм (ИФЩI) и артистхэм я «Кавказым - мамырыгъэ» фестивальм и XV зэIущIэр Ананэ щекIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭР щыхэхуащIыжым ирагъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалэ центр» Iуэхущ1апIэмрэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэмрэ я лэжьакIуэхэр пщэдей кIуэнущ Бахьсэн муниципальнэ районым щыIэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм дэт школ-интернатым. Абыхэм щыкIуэжи концерт гъэщIэгъуэн ирагъэльагъунущ, тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр - Iэфы-кIэхэр, зэрыджэгу Iэмэпсымэхэр ираты нущ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апI1э.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бззэрхэм я лэжьакIэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнущ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и унафэщI Чечеков Ануар иригъэкIуэкIащ. Абы депутатхэр щыхэплъащ IуэхуэмкIэ уполномоченнэу Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ» законопроектыр. Мы документыр зыгъэхъэзырахэм къалытэ ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм политикэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкI мыхъуну, политикэ партым е политикэ мурадхэм ятелажьэ нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтыну хуимыту зыгъэув мардэр республикэ законым хэгъэкIын хуейуэ.

«Бззэрхэм я лэжьыгъэр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщыхъэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ» республикэ законым и проектым теухуауэ **Марьяни Иринэ**. Документым къегъэув «Бззэрхэм я лэжьыгъэр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщыхъэрагъэпэщым теухуауэ» Законыр зыхуэзгъэза Iуэхуэхэм сату зэпеуэхэр егъэкIуэкIныныр хэгъэкIын хуейуэ. Абы къыдэкIуэу, законопроектыр зыгъэхъэзырахэм къальытэ сату комплексхэр бззэрхэм япэлъытыпхъэу икIи абыхэм я лэжьыгъэр республикэ законым зэблигъэкIын хуейуэ.

● Псапэ

Сабийхэм папщIэ

БлэкIа мазэм и 13-м ирагъэжьауэ Къбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ «ЛъэпкIэ «Дэ дыфщIыгъуу» псапащIэ лэжьыгъэр.

АБы ХИУБЫДЭУ «Къалэн куд зыгъэзыжьащ галаконцертым фестивальм мы гъэм и хэгъэрейуэ щытахэм, Краснодар краййм, зэIэпах я дамыгъэр КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан къыщыратащ. Абы къегъэльагъуэ къыкIэлъыкIуэ зэхъыхьэр ди республикэм зэрыщекIуэкIынур.

2013 гъэм ИФЩI-м и республикэхэм, крайм, областхэм я творческэ гупхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кригъэблагъэнущ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апI1э.

● Хъыбар гуапэ

Унэ кхъахэм щIэсахэр псэупIэ зэIузэпэщхэм ягъэIэпхъуэ

ХЬЭЗЫР ящIа унэхэм я фIагъым еплъын папщIэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ**Гертер Иван** иджыблагъэ Прохладнэ районым щыщ Прогресс кIуэжьм кIуащ. Абы щыгъуащ КъБР-м Псэупlэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Кулиев Мустэфир**, Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Василенко Александр**, уухамкIуэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ Iэщ1агъэлIхэмрэ. Унэщ1эхэр яухуащ «2011 - 2012 гъэхэм КъБР-м щыщ Прохладнэ муниципальнэ районым куэду зэтемыт псэупlэхэр щыщIын зэрыхуейр къэпытатэу, унэ кхъахэхэм щыпсэу цIыхухэр къыщIэтlэлъэпхъуакIыныр» муниципальнэ программэ хэхар гъэзэщIэным хиубыдэу.

Щхьэхуэу щыт унэ 15-р щащIым иджырей технологиехэмрэ материалхэмрэ къагъэсэбэщащ. Дэтхэнэ унэри щхьэхуэу ягъэпIль, абыхэм тыншыпlэ псори яIэщ.

Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван ухуакIуэхэр Iуэхум зэрегугъуар, дагъэншэу зэрыIэжьар кIыхьигъэщхьэхукIащ. «Программэр республикэм и щIыпlэ псоми щагъэзащIэ икIи гъэ къэс цIыху нэхъыбэ псэупlэ зэIузэпэщхэм зэрыщIэтlысхьэжьым ун гур хегъахьуэ», - жиIащ абы.

Мы махуэхэм псори зэхэту Прохладнэ муниципальнэ районым унэщIэхэм цIыхун 108-р щыщIэтlысхьэжащ. Прогресс къуажэм къыдэкIуэу, фэтэр тIуратI хъу унэхэр хьэзыр щащIащ Солдатскэ станицэмрэ Кърэгъэш къуажэмрэ. Тынышлпlэ псори зиIэ унэу метр зэбгъуэнатlэ 1500-м нэблагъэ къызэрыкIхэр щIыным сом мелуан 36-м щIигъу трагъэкIуэдащ. Ар Псэупlэ-коммуналнэ хозяйствэм и Iэнатlэм реформэ щегъэкIуэкIыным зыщIэгъэкIуэныкIэ фонд къэрал корпорацэмрэ республикэ бюджетымрэ яахъщэщ.

Кулиев Мустэфир зэрыжиIамкIэ, программэр зэрагъэзэщIэну пlалъэм 2016 гъэм нэсу пащащ. Абы ипкъ иткIэ, къэрал комитетым цIыхухэр унэ кхъахэхэм кьыщIэтlэлъхьуакIыныжмкIэ заявкэхэр адэжIи кьаIихьыну, абыхэм хэпlэнущ икIи муниципальнэ щIыналъэхэм зыхуэфащэ ахъщэр яхунутlыпщынущ.

Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апI1э.

ДУНЕЙМ ЩЫХЬЫБАГЪЭР

Паралимп Джэгухэм щытекIуахэр Кремлым щагъэльапIэ

Инджылызым и къалащхьэ Лондон иджыблагъ щекIуэкIа Паралимп Джэгухэм ди къэралым икIаухэм ехъулIэныгъэфIхэр кьахуихьащ.

Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам гуп зэпеуэм, зэи къэмыхьуауэ, етIуанэ увыпIэр щиубыдащ. Дыдейхэм япэ ищыфар Китайм и спортсменхэм я закъуэщ.

Ди къэралым икIаухэм Лондон медали 102-рэ кьыщIахьащ. Абыхэм ящыщ 36-р дыщэщ, 38-р - дыжьынщ, 28-р - жэщ. Урысей Федерацэм и спортсменхэм Инджылызым дунейпсо рекорду 14 щагъэуващ.

Къэралым и пщIэр лъагэу зыIэтахэр дыгъуасэ Мэзкуу щагъэлъапIащ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Паралимп Джэгухэм щытекIуахэм дамыгъэ, саугъэт лъапIэхэр Кремлым щаратащ.

Парламентым хэмыхьа партхэм я Лъэпкъ совет

Къэрал Думэм хэмыхьэфа партхэм я Лъэпкъ совет мыгувэу кьызэрагъэпэщыну.

Хабзэгъэув Iэнатlэм и бжьыхьэ зэхуэсыгъуэр кьыщIызэIуихьм, УФ-м и Къэрал Думэм и Iэтащхьэ Нарышкин Сергей жиIащ парламентым хэмыхьа партхэм я Лъэпкъ совет мыгувэу кьызэрагъэпэщыну зэрамурадыр. «Урысейм нужьрей илъэс тIощIым щыIэм зэрызиужьам, абы и демократ, экономикэ, социальнэ уухуэкIэм кьагъэув Iуэхуэхэм и дэтхэнэ гупми я макъ зэхэтхьи хуейуэ, ахэр кьэтlыпатхьэу», - жиIащ Нарышкиным.

МГУ-р 116-нэ увыпIэм щытщ

2012 гъэм дунейм и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфI дыдэхэр яубыхуащ.

Пашэныгъэр иубыдащ США-м и Массачусетс технологие институтым. Абы кьыкIэлъокIуэ Великобританием и Кембридж университетыр. Ещанэу увыпIэм нэс кьэкIуэтхащ нэгъабэ бжьыпэр зыIыгъа, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Гарвард университетыр.

Ди къэралым щыщу нэхъыфI дыдэ, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Мэзкуу къэрал университетыр 116-нэу аращ. Абы кьыкIэлъыкIуэ Санкт-Петербург университетыр 253-нэм.

Дунейм и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэр яубзыхун папщIэ унэтlыныгъэ зыбжанэ кьалытащ. Нэхъыщхьэхэм ящыщу щIэныгъэлIхэм я деж абы щиIэ пщIэр, ар къэзыухахэм лжьхапIэ зытхэр кьаззрыхущытыр, нэгъуэщIхэри. Университетхэм я рейтингыр яубзыхун папщIэ эксперт мин 46-м щIигъурэ лжьхапIэ зыт мин 25-м нэблагъэмрэ еупщащ, еджапIэ нэхъыщхьэ мини 2,5-рэ кьапщытащ.

И ныбжьыр ильэси 123-м иту

Урысей Федерацэм щынэхъыжь дыдэр Дагъыстэным дыгъуасэ дунейм щекIыжащ.

Кизляр куейм хьихьэ Северрюковскэ къуажэм щыщ Лабазанов Магомед цIэрыIуэ ищIат абы нэхъыжь ди къэралым зэриимысым. Накъыгъэм и 1-м ар ильэси 122-рэ зэрыхьэр Iэтауэ ягъэлъапIат. Лабазановыр и ныбжьым елытауэ жыдджэт икIи и акъылыр зэтест.

НОБЭ

n Программистым и махуэщ

n 1953 гъэм КПСС-м и ЦК-м и яп секретару **Хрущёв Никитэ** хахащ.

n Совет ракетэр 1959 гъэм япэу Мазэм лъэтащ икIи Совет Союзым и ныпымрэ гъбмрэ ихьащ.

n Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ дыдэр Дагъыстэм щIэсыну ящIат абы нэхъыжь ди къэралым зэриимысым. Накъыгъэм и 1-м ар ильэси 122-рэ зэрыхьэр Iэтауэ ягъэлъапIат. Лабазановыр и ныбжьым елытауэ жыдджэт икIи и акъылыр зэтест.

n Программистым и махуэщ

n 1953 гъэм КПСС-м и ЦК-м и яп секретару **Хрущёв Никитэ** хахащ.

n Совет ракетэр 1959 гъэм япэу Мазэм лъэтащ икIи Совет Союзым и ныпымрэ гъбмрэ ихьащ.

n Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ дыдэр Дагъыстэм щIэсыну ящIат абы нэхъыжь ди къэралым зэриимысым. Накъыгъэм и 1-м ар ильэси 122-рэ зэрыхьэр Iэтауэ ягъэлъапIат. Лабазановыр и ныбжьым елытауэ жыдджэт икIи и акъылыр зэтест.

Дунейм и щыхьыбгъэр:

Пшэ мащIэ телъынущ. Махуэм хуабэу градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 13 - 16 щIэнущ.

Пlейтеи гъэ зыгъэхъэзырар **ЖЫЛАСЭ Зауримэ.**

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Адэ лъэуужьыншэрэ лъыншэ къупщхьэрэ.

● Ди къуэрэ республикэхэм

Сом мелард 63-рэ и уасэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIущынэ Аслъэнджэрий зэрыжиIэмкIэ, «Сочэ-2012» XI дунейпсо форумым Адыгейм щигъэлъэгъунущ сом мелард 63-рэ зыхуэзэ инвестициэ проект 52-рэ.***

ТХЬЭКIУШЫНЭМ кьыззрыхигъэщамкIэ, нэхьыщхьэу ахэр яхуэгъэзащ республикэм джекIэ мыхьэнэ зиIэ унэтlыныгъэхэм. Псом япэу туризмым, промышленностым, кьыкIэлъыкIуэу ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр зыгъэхьэзыр промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, транспорт логистикэм, нэгъуэщIхэми. Республикэм джекIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ илъэс псом лэжьэныгъэ тещыхьа «Лагонаки» проектыр пхыгъэкIыным. Абы кьыззрыщIыгъэльэгъуамкIэ, курортым зэуэ щIыху мин 28-рэ, ильэсым кьриубыдэу турист мелуаниблым нэблагъэ кьригъэблэгъэхьфынущ. Абы и фIыгъэкIэ щIыху мин 20 лэжьыгъэкIэ кьызэрагъэпэщыну Iэмал яIэнущ.

Нэгъабэ зэхэта формым Адыгейм Iэ щыгридзащ сом мелард 30-м щIигъу кьыззэрилъжьыфыну зэгурыIуэныгъэу 10-м. Иджырей «Сочэ-2012» зэIущIэр фокIадэм и 20 - 23-хэм екIуэкIынущ.

Зэдэлэжьыну зэгуроIуэ

АБХЪАЗ. ***Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзэда Къарухэм я ветеранхэм я Абхъаз республикэ зэгухьэныгъэмрэ Къэрэшей-Щэрджэсым зауэм и ветеранхэм я республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ зэнэбжьэгъуным, зэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.***

ЛЪЭНЫКЪУЭХЭР яужь итынущ я зэнэбжьэгъуагъэр нэхьри зэрагъэбыдэным, республикитIым щыпсэу лъэпкъхэм я сэбэп зыхэлъхэм теухуауэ зэрызэдэлажьэм зегъэужьыным. Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, абыхэм ирагъэкIуэкIынущ лъэпкъ, щэнхабзэ, бзэ я лъэныкъуэкIэ зым адрейм хуэфащэ пщIэ хэущIынырщ зэтеухуэным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр. Абыхэм ящыщ щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсныр - музейхэм, тхыдэ фэеплъэкIэм, дзэ щIыхьым и щIыпlэхэм кIуэу, абыхэм пщIэ хуащу къэгъэтэджыныр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Ди куейхэм

Хэгъуэр йокIуэкI

Шэрэдж куейм бжьыхьэсэ гъавэр къыщрахьэлIэжащ.

МЭКЪУМЭШ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ куей управленэм и унафэщI Ульбашев Хьэсэн щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, бжьыхьэсэ гуэдзым зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 32-рэ, хьэпщIийм - 28-рэ, зэнтхъым - 15,7-рэ къаритащ. Гъавэу Iуахыжащ псори зэхэту тонн 4698-рэ. Псом хуэмыдэу гъавэ бэв къайхъуIащ зы гектарым гуэдзу центнер 35-рэ къытезыха «Сукан-Су» мэкъумэш Iуэхущ1апIэм.

Шэрэдж районым и мэкъумэшыщIэхэр нартыху, кIэртIоф бэвкIи мэгутI. Бгылъэ щIыпIэхэм сыт щыгъуи тхьэмахуитI, мазэкIэ хэгъэув щынэхъ кIасэу зэрыщытми емылъытауэ, гъэр яхуэфащ икIи ехъулIэныгъэхэр республикэм щагъэувa мардэхэм нагъэсащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

УнэщIэ хуаухуэ

Аруан къуажэм щыщ зэщыпхъухэу Хьэжыкъарэхэ Надеждэ Елизаветэрэ я псэупIэр мафIэм исащ, ток кIапсэхэр зэрызэлъэIэсам и зэранкIэ. ХьэрычэтыщIэхэм, жылаем дэсхэм, щIыпIэ администрацэм я мылъкукIэ абыхэм унэщIэ хуаухуэ.

ЩЫЩЫЖЬЭIУ кIуам жэщыкум къэхуа мафIэсым псэупIэр хисхьащ. Зи ныбжьыр хэкIуэта зэщыпхъухэм я нэхъыщIэр кьыщызэщыуар унэм къыбгъурыт псэуалъэхэм ящыщ зыр лыгъэм зэщIищтэу шиферхэм кьэчэн щIадза нэужьщ. Къезыгъэлахэри аращ.

Надеждэрэ Елизаветэрэ я закъуэу мэпсау, быи яIэкъым, хэхъуэу къаIэрыхьэр я пенсэрщ. КъыхэмынэжIауэ мафIэм иса унэм и пIэкIэ щIэ зэрауухуэн къаруи мылъкуи ябгъэдэлъкъым. Абы къыхэкIыу, насыпныншагъэ зылъыхасхэм ядэIэпыкъуну цIыху куэдым жэрдэм кьыхэкIащ зэщыпхъухэм папщIэ сом мин щитIым щIигъу зэхуахьэсащ. АбыкIэ ухуэныгъэм щIадзащ. ЩIыIэр къэмысу яухын папщIэ, лэжьыгъэм йоужьэрэкI.

Аруан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Кьардэн Вячеслав жылаем дэсхэм, хьэрычэтыщIэхэм, гуэвеягъэу зылъысахэм псалъэрэ мылъкукIэ защIэзыгъэкъуа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

Аруан район администрацэм и пресс-Iуэхущ1апI1э.

Ирикъуу къызэрегъэпэщ

«Константиновскэ» мэкъумэш Iуэхущ1апIэм и мылъкукIэ къуажэ курыт школым и пщIантIэм псы къыщIэщыпIэ щагъэуващ. Абы псы къабзэкIэ еджапIэр ирикъуу къызэригъэпэщынущ.

- МАХУЭ къэс псыр зэрагъэувыIэм иужьрей илъэс зытIущым гугъу дригъэхьыртри, къуажэм щыхэхэт мэкъумэш Iуэхущ1апIэм и унафэщI Щоджэн Руслан зыкъытщIигъэкъуащ. Школымрэ сабий гъэсапIэмрэ ерыскъыкIэхэмкIи ар кьыддоIэпыкъу. Къищынэмыщ1Iауэ, еджапIэм и щIантIэр кьыщытхухьми, хозяйствэр кьытхэуващ, - къыджиIащ школым и унафэщI **Бобро Ольгэ.**

Псы кьыщIэщыпIэр мы махуэхэм къэгъэсэбэпын щIадзэнущ.

АЛОКЪУЭ Ариндэ.

Заводыр йофIакIуэ

Бахьсэн къалэ дэт «Автозапчасть» заводыр Урысейм щынэхъыфIхэм хабжа.

ИЛЪЭС 40-м щIигъуауэ зи къалэныр зэманым кьигъэуув мардэхэм сыткIи хуэкIуэу къезыхьэлIэ мы Iуэхущ1апIэр иджыпсту йолэжь да ди къэралым кьыдигъэкI автомобилхэм пкъралъхьэ пкъыгъэуэу 160-м нэблагъэм. Абыхэм ящыщу машинэ гъуэгуанэ, резервуарторэр. КьымыдэкIи, нэгъуэщI къэралхэм щагъэхьэзыр машинэхэм я пкъыгъуэхэр гъэхьэзырынми иужьрей илъэсхэм нужь ихьащ.

«Автозапчасть»-м и щэхуэгъуэхэм ящыщщ «КамАЗ», «УАЗ», «ПАЗ», «ГАЗ» автомобиль завод цIэрыIуэхэр. КъыхэгъэщIыпхъэщ, мы Iэнатlэм Урысейм зыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и лъэIуэхэр щIэх-щIэхыпхъэ зэриугъэзащIэри.

Заводым и ехъулIэныгъэхэр елъытащ игъэхьэзыр продукцэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэреляжь иджырей Iэмалхэр кьызэригъэсэбэфынкъым пкъралъхьэ пкъыгъуэу 160-м нэблагъэм. Абыхэм ящыщу машинэ гъуэгуанэ, резервуарторэр. КьымыдэкIи, нэгъуэщI къэралхэм щагъэхьэзыр машинэхэм я пкъыгъуэхэр гъэхьэзырынми иужьрей илъэсхэм нужь ихьащ.

«Автозапчасть»-м и щэхуэгъуэхэм ящыщщ «КамАЗ», «УАЗ», «ПАЗ», «ГАЗ» автомобиль завод цIэрыIуэхэр. КъыхэгъэщIыпхъэщ, мы Iэнатlэм Урысейм зыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и лъэIуэхэр щIэх-щIэхыпхъэ зэриугъэзащIэри.

Заводым и ехъулIэныгъэхэр елъытащ игъэхьэзыр продукцэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэреляжь иджырей Iэмалхэр кьызэригъэсэбэфынкъым. Псалъэм папщIэ, гаушителхэр кьызыхащIыкI гъущI рулонхэр япэу мыбы щызэкIуэдахри, абы кьыкIэлъыкIуэу лэжьыгъэ псори езы заводым зэфIегъэкI, игъэхьэзыра Iэмэпсымэхэр лэжьыным нэсыху. Iуэхущ1апIэр нэгъуэщI къэралхэм кьыщащэхуа зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Абы дэтхэнэми зы лэжьыгъэри кьащиГъэпсынщIэ къудей мыхьуу, фIагъ ини яхьащ. Урысей, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм я щIыхь тхьылъэр щIэх-щIэхыпхъэ зыхуагъэфащэ «Автозапчасть»-р адэжIи егугъунущ нобэ иIэ зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэным.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Псапэ

Сабийхэм папщIэ

БлэкIа мазэм и 13-м ирагъэжьауэ Къбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ «ЛъэпкIэ «Дэ дыфщIыгъуу» псапащIэ лэжьыгъэр.

АБы ХИУБЫДЭУ «Къалэн куд зыгъэзыжьащ галаконцертым фестивальм мы гъэм и хэгъэрейуэ щытахэм, Краснодар краййм, зэIэпах я дамыгъэр КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан къыщыратащ. Абы къегъэльагъуэ къыкIэлъыкIуэ зэхъыхьэр ди республикэм зэрыщекIуэкIынур.

2013 гъэм ИФЩI-м и республикэхэм, крайм, областхэм я творческэ гупхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кригъэблагъэнущ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апI1э.

● Щэнхабзэ

КъыкIэлъыкIуэ зэхыхьэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым

Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм (ИФЩI) и артистхэм я «Кавказым - мамырыгъэ» фестивальм и XV зэIущIэр Ананэ щекIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭР щыхэхуащIыжым ирагъэжьауэ Къбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалэ центр» Iуэхущ1апIэмрэ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэмрэ я лэжьакIуэхэр пщэдей кIуэнущ Бахьсэн муниципальнэ районым щыIэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм дэт школ-интернатым. Абыхэм щыкIуэжи концерт гъэщIэгъуэн ирагъэльагъунущ, тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр - Iэфы-кIэхэр, зэрыджэгу Iэмэпсымэхэр ираты нущ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апI1э.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

2012 ГЪЭМ фокIадэм и 1-м Федеральнэ пощт зэпещIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и Iуэхущ1апIэ псоми еГъанэгъэ и яп илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэмухуэм Iэ трегъэдэзаным щыщIадзащ.

Фыдзэхьхэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и яп илъэс нысхьам къезгъэхьыну Iэ щытвдзэ хъунущ ахэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт зэпещIэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэм къыщывзэтыбыжыну щэсыпIэу къэув пощт Iэнатlэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщыщIадзым пщIа Iуэху псоми пощт зэпещIэныгъэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм щхьэхуэу фыхагъахьуэзэнущ.

Iэ тедзэныр фымыгъэгувэ, и кIэ дыдэм нэвмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Пресс-конференцхэр

Зэманым хозагъэ

Урысбий Хьэмидбий

**Иужырей ильэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Урысейм и Хьэмапlэ банк» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ банким куп-щIафIэу долажь. Республикэм и экономикэм щекIуекI зэхьуэкIыныгъэфIхэм ар жыджэру хэтщ, инвестицIэ проект инхэм, хьэрыуэтыщIэ Iуэхущлапlэ цыкIухэмрэ курытхэмрэ мыльку хьарзынэ яхухех. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэнатlэ зэмылIужьныгъуэхэм банким и кредиту ком деларди 10-м щIигъу кьыщахьащ. Проектхэм я нэхъыбэр Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэмрэ и Щэсыпlэ фондымрэ я щIэгъэкъуэну егъэзащIэ. А лэжьыгъэхэр зэраунэтIыж, дяпэкI я мурадхэм теухуауэ щытащ Урысейм и Хьэмапlэ банким и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я журналистхэм ядригъэкIуэкIа пресс-конференцыр.

ЯПЭ ЩIыКIэ ар зэпкрыхьауэ къытеувыIащ инвесторхэр ди щIыналъэм кьешэлIэн папщIэ, республикэм и къэралI Iэнатlэхэм зэрадэлажьэм, махуэ кьэс щIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм я банкыр зэрыхэтым.

- Ди щIыналъэ къудамэр республикэм и экономикэм и кредитор нэхъ ин дыдэхэм ящьащ. Щыхуэр хозяйствэм и Iэнатlэ псоми жыджэру дадолажьэ. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, промышленностыр, мэкъумэш Iуэхущлапlэхэр, опт, розницэ сатур. Къэбэрдей-Балъкъэрым ИнвестицIэхэмрэ зыужьныгъэмкIэ и агентствэр тщIыгъуу, республикэм дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ инновацIэ проект зыбжанэм мы гъэм мыльку хьарзынэ хэтлъхьащ. Абыхэм ящыщIу хадэжкIыу тонн мин 50-м тещIыхьа хьуманlэр, щэкI щызэIуащэ, фирзаствор щагъэхьэзыр Iэнатlэхэр, псэупlэ унэхэр. Урысейм и Правительствэр ди щэсыпlэу, рентген техникэ кьыщыщIагъэкI «Севкаврентген-Д» заводыр егъэфIакIуэным теухуа я инвестицIэ проектыр гъэзэщIэн щIэддзащ. КЪР-м и Щэсыпlэ фондыр ди щIэгъэкъуэну хьэрычэтыщIэ Iуэхущлапlэ цыкIухэм сом мелуан 550-м щIигъу яхуэхтэщ, - кьыхигъэщащ Урысбий Хьэмидбий. - Властым и Iэнатlэхэм купщафIэу даз зэрыщIалажьэм нэрылъагъу щытыкIэфI кьыззорегъэпщ, ди Iуэхутхьэбзэм кьыщIэупщIэхэм я бжыгъэм хегъахьэу. Илъэсым щыщу блэжа зэманым хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ мыинхэм сом мелярди 5,1-р щыхуэу еттащ. Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я хьэрычэтыщIэхэм заем мыльку хуэхахэм еплытмэ, ар куэдкIэ нэхьыбэщ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балькъэрым и предприятэхэм Кавказ Ищхъэрэ банким и кредиту сом мелярди 10-м щIигъу кьыщагъэсэбэп.

Урысбий Хьэмидбий зэрыжиIамкIэ, щыхуэ щхьэхуэхэм щыхуэ етыным и Iуэхурэ хьарзынэу зэтеублащ. Республикэм щыпсэухэм сом мелярди 4,1-м щIигъу ягъэхьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ хуэдитIрэ ныкъуэкIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу мы фокIадэ мазэм программэщIэ гъэзэщIэным щыдоIэз. Ар тещIыхьащ анэ (унагъуэ) мылькур кьагъэсэбэпу псэупlэ кредит кьеIызыхыну хуейкэм щытыкIэфI кьаухэзэгъэпэщыным. Кьыхалъхьа зэпеуэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, Iуэхугъуэ куэд зэрагъэзащIэ электрон картэхэр (УЭК) кьыщIэзыгъэкIынур Хьуманlэ банкырщ. Етlанэгъэ кьыщыщIэдзауэ ахэр республикэм и цыхьэ псоми кьагъэсэбэпын хуейщ. Зыдэлэжьэну банкыр езыр-езыру кьыхэзымыххэр, щIэупщIэ лей хэмытыжу, д э кьыдагъэбыдыпlэнущ. Сыту жыпlэмэ, Iуэхущлапlэу 70-м щIигъу Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэхэм щыдиIэщ. Ди деж хъэмыкIуэу Iуэхутхьэбзэ зэрахуэтщIэ Iэмалми нэрылъагъуэ зеубгъу. Илъэжьпlэкlэ, картэхэр улахуэр зэрырат Iэмэпсымэ нэхъ тынш дыдэщ. Iэнатlэхэм ар кьаззэрыгурыIуэм шэч хэлъкьым. Я счетым хэпlэ ахъшэр зэрыхьум, абы кьыхэхъуам е хэщIам теухуа хьыбархэр ди картэр зыIыгъхэм телефонкIэ зрагъащIэ. Уасэм хуклэрагъэхуу, ар дуней псом щыщхэуфыкIнущ, кьыздрихьэкI эхэпшыпхэр страховкэ хуэщIынущ, нэгъуэщI щыкIэхэмкIэ кьыхуэгъэсэбэпынущ. Картэхэм ди гъащIэм лъабжьэ быдэ щагъуэт, зыщыжь, - кьыгъэльэгъуащ щIыналъэ къудамэм и унафэщIым.

Потребительскэ кредитхэм я гугъу щIышым, Урысбий Хьэмидбий кьыхигъэщащ Хьуманlэ банкым и активу сом мелярди 10-м нэс щыхухэм зэрабыгъыр. Мы гъэм и мазэ 8-м кьырубыдэу щIыналъэ къудамэм и кредит мылькум сом мелярди 2,8-кIэ хуэхьащ. Псори зэхэту мелярд 21-м нэблагъэ зэщIагъэуIащ. Гъэр ихуныхь а бжыгъэр сом мелярд 25 - 26-м нагъэсыну я мурадщ.

- Ар республикэм и илъэс бюджетым кьыкIэрыхьуркъым. Абы и щыхьэщIэгъэуIэщ щIыпlэхэм я финанс мылькур Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм кьыхечlэлъхьэным жыджэру дызэрытелажьэм, - кьыхигъэщащ Урысбий Хьэмидбий.

Урысейм и Хьуманlэ банкым и щIыналъэ къудамэр республикэм и кредит-финанс Iуэхущлапlэ нэхъ ин дыдэщ. Нобэ ар иджыпсту Къэбэрдей-Балькъэрым и предприятэхэм Кавказ Ищхъэрэ банким и кредиту сом мелярди 10-м щIигъу кьыщагъэсэбэп.

Урысбий Хьэмидбий зэрыжиIамкIэ, щыхуэ щхьэхуэхэм щыхуэ етыным и Iуэхурэ хьарзынэу зэтеублащ. Республикэм щыпсэухэм сом мелярди 4,1-м щIигъу ягъэхьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ хуэдитIрэ ныкъуэкIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу мелуан 500-м нэблагъэр псэупlэм е программэ щхьэхуэхэм халъхьащ. Кьапщтэмэ, «УнэгъащIэ программэр кьагъэсэбэпри, унагъуэщIэ 90-м нэсым мы гъэм льготэкIэ сом мелуан 95-р щыхуэу кьащтащ.

- Ди щIыналъэ къудамэм кредит зритыр хэхъуэфI зиIэ, тыншу кьезытыжьыфыну Iуэхущлапlэхэм я закъуэкъым, атlэ экономикэм и Iэнатlэ псоми щIыхуэу хилъхьэр зэпэшэчауэ трегуашэ, ягъэ игъэщIапхъэхэр кьелытэ, зыуэжыныгъэр кьызэзыгъэпэщыну проектхэр егъэзэхъапэ. Хьуманlэ банкымрэ республикэм и Правительствэмрэ

Къ БР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхуэщытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм сТол хъурей иригъэкIуэкIащ иджыблагъэ. Абы кьрихьэлIащ Жылагъуэ палатэм хэтхэр, КъБР-м и министерствэ зэмылIужьныгъуэхэм я лIыкIуэхэр, Сабий зеиншэхэр Iуэхущлапlэ зэнаужьыгъэ я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭIУЩIЭМ кьыщаIэта Iуэхур икъукIэ щхьэпэщ. Пэжщ, куэдкIэ ди щхьэщIетхъэх Iуэхущ мыр - дуней псом яфIэхуэщIагъуэн гъэсэныгъэ, хабзэ дахэ зиIэ лъэпкъым и сабий хьфIидзэныр емыкIуэхущ, ауэ фIы здэщыIэм сытым дежи Iейри щыIэщ. Сабийхэр сыткIэ къуаншэ? Ар фIыуэ кьызыгурыIуэ, лъэпкъым и къэкIуэнум хуэфащэ гулъытэ сытым дежи лъызыгъэс къэрал унафэщIхэм абы теухауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэфIагъэкI зэпытщ. Сто Iол хъурейм зыщытепсэлъыхьэр Сабий унэм щыIэхэм, я ныбжьыр нэсу абы къэщIэкIын хуей хъуахэм, я гъащIэр адэкIэ зэтрауухэ-нымкIэ зэрадэIэпыкъум нэхъри зегъэужьныщ.

Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и тхьэмадэ **Маслов Николай**.

- Ищхъэрэ мыхьэнэншхуэ зиIэщ нобэ къэтIэта Iуэхур, - жиIащ абы. - Адэанэншэу къэнауэ Сабий унэм щыIэхэм, абы кьыщIэкIаxэм я Iуэхухэр егъэфIэкIуэным теухуауэ гухуэзфIыныгъуэр ублыхуныщ нобэ дыкъыщIыщIэхуэсар. Кьыхэгъэщыпхъэщ хъэщ унагъуэм кьыщыхьухэм нэхърэ Сабий унэм щыIэхэм балигъ гъащIэм нэхъ пасэу зэрыхьхьэр. Абы кьыхэкIыу, сабий зеиншэхэр апхуэдэ унэхэм кьыщIэкIа иужь, иджыри ильэс зыбжанэкIэ дакIэлъыплъыпхъэщ, ди щIэблэр зыхэфэкъуа гъащIэщIэм нэхъ тыншу хэзэгъэн папщIэ. Дэтхэнэ зы щIыхум дежкIи балигъ гъащIэр зэрымыгъэнышыр фIыуэ кьыдгуроIуэ, адэ-анэншэу къэхъуам ар куэдкIэ нэхъ кьоугъуэкI. Зыпэмыплъа, зыхимыщIыкI куэдым IуощI э - аращ щыуагъэ щIаIэщIэщIэри. Абыхэм яIэкъым къадэIэпыкъун, чэнджэщ кьезытын, зыущиин, гъуэгу пэж езыгъэлъагъун, хуей хъумэ, кьызэтезыгъэувыIэжьыфын адэ, анэ. НыбжьыщIэ зеиншэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэтщIыпхъэщ. Абыхэм я унагъуэ ягъуэтыжьыным, Iэмал зэриIэкIэ, девгъэлIалIэ. Гугъуехь куэдым ирохьэлIэ ахэр. еджапlэ щIэтIысхьэн, лэжьапlэ ywын, псэупlэ кьыдахын, нэгъуэщI куэдми ехьэлIауэ. Мис а псомкIи защIэдгъэкъуэн мурадкIэ, а лъэныкъъэхэр куууэ зэпэчрыдох. Абы хохьэ Сабий унэм щIэкIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я ныбжьыр ильэс 23-м нэсыху ди нэIэ ятедгъэтыныр: а цIыкIуэхэр гъащIэм хуэмурэ хуэгъэхъэзырыныр; еджапlэ щIэтIысхьэну урад зиIэм апхуэдэ Iэмал етыныр, унэ е пlалъэкIэ щыпсэун и чэзум кьрегъэтыныр, нэгъуэщIхэри. КIэщIу жыпlэмэ, сабий зеиншэм кьэралым кьрит мылькур, абы и хуитыныгъэхэр хъуэныным дыкIэлъыплъу дыкъыщхьэдекIуэкIын хуейщ. Хамэ сабий щыIэкъым, нобэ зи гугъу тщIы щIэблэр псоми жэуап щIэттхэщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Разинэ Валентинэ** жиIащ Iэмал гуэр иIэхэу сабийр унагъуэм кьыкIэрыпт эзрымыкъунур, ар адэ-анэм кьыIахын и пэ кьихуэу унагъуэм куэдрэ зэрыкIэлъыплъыр, мылъкукIэ уэрымыщIауэ щытмэ, зэрадэIэпыкъур. Сабийр адэ-анэм, кьыдалъхуахэм япэIэщIэ щащIыр абы лей кьытехьэмэщ. «Апхуэдэ кьыщыхьухэм дежи, зыпIыкъин имыIэу зеиншэ дыдэ щыхъуми, сабийр узыншэмэ, ахэр щапI Iуэхущлапlэхэм ежьэ щыщIэ Iэжьэркъым, атIэ ахэр бин зимыIэ унагъуэхэм къащтэ», кьыхигъэщащ министрым и къуэдзэм. Апхуэдэу Наразинэр кьытеувыIащ Сабий унэм щапlэ ныбжьыщIэ 35-м псэупlэ зэрыратынымкIэ тхьилъхэр зэрызэпэщам.

Сабийм и хуитыныгъэр хъуэныным кIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ **Уэгъуэ Светланэ** жиIащ сабийхэр ууей-сысейкIэ зэхамидзу, псоми зэхуэдэу ядэIэпыкъун зэрыхуейр, дэтхэнэ зыри кьащIалъхуа унагъуэм щапlыжьныр зэрыныхъыщхьэр.

- Сабийхэр щапI унэм щыIэхэм я процент 80-р адэ-анэхэм хьфIадзауэ аращ. Ар уи жагъуэ мыхъуу кьанэркъым. Щэшэн Республикэм Сабий унэ щыIэхъым. Абы и Iэтащхьэм хуэзфIэкIащ и республикэм «зеиншэ» псаулъэр кьащримыгъэгъэсэбэпын. Адэ-анэншэ, гулъытэншэ хъуа сабийр кьызыкIэ лъэпкыр зэхуашэри, унафэ щII, балигъыпlэ нуэхуу ар зыпlынур зэхагъэкI. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр дэри ди лъэпкъ хабзэм, диным нэхъ кьезэгъыу кьысщохъу, - жиIащ Уэгъуэным.

2012 гъэм ирихьэлIэу КъБР-м сабий зеиншэу ицым я бжыгъэр минитIым щIигъурт. Абы щыщу 1603-р къану унагъуэхэм ираташ, 155-м адэ-анэ яхуэхъуащ быи имыIэ зэщхьэгъуэхэр, 369-р къэралым и Сабий унэхэм щапI. Республикэм школ-интернатитI итщ, абы сабий 271 щопсэу. Ахэр щрагъаджэ пэшхэр зэпэщщ, зыхуеину Iэмэпсымэ псори щIэтщ. Балигъ гъащIэм хьихь сабийкэм психологхэр, IэщlагъэлIхэр ядолажьэ. Абыхэм я кьалэн нэхъыщхьэр сабийр зыхьыхьэну дунейм хуэгъэхъэзырынырщ, зыхуеину щIэныгъэр бгъэдэлъхьэнарц, фIымрэ Iейм рэ хуэзэхэгъэкIыу егъэсэнырщ. Сабий унэм щыIэхэр IэщIагъэ зэхуэмыдэхэм я щэхуэм щыгъуэзэ ящI, нэхъыщхьэращи, зэжьыгъэм щымыщынэу, Iуэху щIэкIэ ящIэу къагъэтэдж дэтхэнэ зыри. Нартан дэт школ-интернатым щIэс цIыкIухэм щIы кIапэкэр, теплицэхэр, Iэщlышхуэу 30-м, тхьэкIуэмэкIыхь миныи нэблагъэ зэрахь, джэдкъаз, бжьэ ягъэхъу, щхьэ, щIакхъуэ гъэжьапlэ яIэщ. Сабий унэм щIэкIэр балигъ гъащIэм хуагъэхьэзырын папщIэ, республикэм щолажьэ «Выпускник» программэр. Нартан дэт Сабий унэм и гъэсэну щытахэм ящIыщу цIыхуиим егъэджакIуэу абы ягъэзэжащ 2010 - 2012 гъэхэм кьриубыдэу. 2012 гъэм школ-интернатыр кьэзыухахэм я процент 75-р еджапlэ нэхъыщхьэхэм, процент 25-р курыт щIэныгъэ щрат Iуэхущлапlэхэм щIэтIысхьащ.

Зеиншэу кьэна сабийхэм кьэралым кьарит пенсэм, абы кьыхущIагъуэжэри хэту, ныбжьыщIэхэм я цIэкIэ УФ-м и Сбербанкым кьыщыхьухэзэIуха счетым макIуэ. 2007 гъэм щегъэжьауэ республикэм хабзэщIэ кьыщыхалъхьащ сабий зеиншэхэр унагъуэхэм пlалъэкIэ ирату. Иджыпсту унагъуэ 53-м сабий 60 щыIэщ ящI. Апхуэдэу, ахэр кьэзыщта унагъуэхэм сабий кьэс сом 6.251,4-рэ ират, етIуанэу, кьыкIэлъыкIуэу кьащтам - сом 4.163,06-рэ.

Сабий унэм щапI щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ гъащIэм лей уэ зыкъыщамылъытэу, зыIууи, зыуэпощхьапохэм гушхуауэ, фIэщхъуныгъэ яхэлъу ебэкъуэфын щхьэкIэ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмрэ и министерствэм деж абыхэм щадэIэпыкъу Iуэхущлапlэ кьыщыззгъэпэщыныр Iэмал зимыIэщ. Абы ипкъ иткIэ, республикэм и Правительствэм, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэм, ведомствэхэм ящIапхъэр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм нубзыкуэ, яхуитгъхьащ. Дэтхэнэми хуэфIэкIыр абы хилъхьану дыщогугъ.

Зэ Iущ Iэм кьыщыпсэлъащ Сабий зеиншэхэр щапI унэхэм я унафэщIхэр. Абыхэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ я лэжьыгъэм, кьехъуIэхэм, апхуэдэуи яIэ гуныкъуэгъуэхэри ябзыщIакъым. Дэтхэнэри и унагъуэм тепсэльыхьын, и бынхэм я Iуэху дагъэхьIын папщIэ къекIуэлIа хуэдэт. УнафэщIхэм хъыкагъащащ мы Iуэхущлапlэм щыIэ сабийхэр кIэщIущу, губгъыгъэу, набдзэгубдзапlъэу, зэхэщIыкI ябгъэдэлъу зэрыщытыр, абыхэм щIыху нэс, республикэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIун кьаэрыхэкIынум щэч кьызэрытрамыхьэр.

Цыху Iущ гуэрым жиIауэ щытащ: «Куэдрэ къохъу уи пщэдейрей махуэм нобэрейр щыпфIихь». Кьапщтэмэ, дэтхэнэми аращ ди псэукIэр, ауэ а псалъэхэр псом хуэмыдэу щIэблэр гъэсэным ехьэлIауэ кьызэолытэ. КъэкIуэну дахэ диIэну дыхуеймэ, абы хуэфэщэн щIыху нобэ (жащ мыхъу щIыкIэ), зэгъуэгу дывгъэгъасэ...

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Хамэ сабий щыIэкъым

Къ БР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм сТол хъурей иригъэкIуэкIащ иджыблагъэ. Абы кьрихьэлIащ Жылагъуэ палатэм хэтхэр, КъБР-м и министерствэ зэмылIужьныгъуэхэм я лIыкIуэхэр, Сабий зеиншэхэр Iуэхущлапlэ унэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭIУЩIЭМ кьыщаIэта Iуэхур икъукIэ щхьэпэщ. Пэжщ, куэдкIэ ди щхьэщIетхъэх Iуэхущ мыр - дуней псом яфIэхуэщIагъуэн гъэсэныгъэ, хабзэ дахэ зиIэ лъэпкъым и сабий хьфIидзэныр емыкIуэхущ, ауэ фIы здэщыIэм сытым дежи Iейри щыIэщ. Сабийхэр сыткIэ къуаншэ? Ар фIыуэ кьызыгурыIуэ, лъэпкъым и къэкIуэнум хуэфащэ гулъытэ сытым дежи лъызыгъэс къэрал унафэщIхэм абы теухауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэфIагъэкI зэпытщ. Сто Iол хъурейм зыщытепсэлъыхьэр Сабий унэм щыIэхэм, я ныбжьыр нэсу абы кьэщIэкIын хуей хъуахэм, я гъащIэр адэкIэ зэтрауухэнымкIэ зэрадэIэпыкъум нэхъри зегъэужьныщ.

Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и тхьэмадэ **Маслов Николай**.

- Ищхъэрэ мыхьэнэншхуэ зиIэщ нобэ къэтIэта Iуэхур, - жиIащ абы. - Адэанэншэу къэнауэ Сабий унэм щыIэхэм, абы кьыщIэкIаxэм я Iуэхухэр егъэфIэкIуэным теухуауэ гухуэзфIыныгъуэр ублыхуныщ нобэ дыкъыщIыщIэхуэсар. Кьыхэгъэщыпхъэщ хъэщ унагъуэм кьыщыхьухэм нэхърэ Сабий унэм щыIэхэм балигъ гъащIэм нэхъ пасэу зэрыхьхьэр. Абы кьыхэкIыу, сабий зеиншэхэр апхуэдэ унэхэм кьыщIэкIа иужь, иджыри ильэс зыбжанэкIэ дакIэлъыплъыпхъэщ, ди щIэблэр зыхэфэкъуа гъащIэщIэм нэхъ тыншу хэзэгъэн папщIэ. Дэтхэнэ зы щIыхум дежкIи балигъ гъащIэр зэрымыгъэнышыр фIыуэ кьыдгуроIуэ, адэ-анэншэу къэхъуам ар куэдкIэ нэхъ кьоугъуэкI. Зыпэмыплъа, зыхимыщIыкI куэдым IуощI э - аращ щыуагъэ щIаIэщIэщIэри. Абыхэм яIэкъым къадэIэпыкъун, чэнджэщ кьезытын, зыущиин, гъуэгу пэж езыгъэлъагъун, хуей хъумэ, кьызэтезыгъэувыIэжьыфын адэ, анэ. НыбжьыщIэ зеиншэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэтщIыпхъэщ. Абыхэм я унагъуэ ягъуэтыжьыным, Iэмал зэриIэкIэ, девгъэлIалIэ. Гугъуехь куэдым ирохьэлIэ ахэр. еджапlэ щIэтIысхьэн, лэжьапlэ ywын, псэупlэ кьыдахын, нэгъуэщI куэдми ехьэлIауэ. Мис а псомкIи защIэдгъэкъуэн мурадкIэ, а лъэныкъъэхэр куууэ зэпэчрыдох. Абы хохьэ Сабий унэм щIэкIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я ныбжьыр ильэс 23-м нэсыху ди нэIэ ятедгъэтыныр: а цIыкIуэхэр гъащIэм хуэмурэ хуэгъэхъэзырыныр; еджапlэ щIэтIысхьэну урад зиIэм апхуэдэ Iэмал етыныр, унэ е пlалъэкIэ щыпсэун и чэзум кьрегъэтыныр, нэгъуэщIхэри. КIэщIу жыпlэмэ, сабий зеиншэм кьэралым кьрит мылькур, абы и хуитыныгъэхэр хъуэныным дыкIэлъыплъу дыкъыщхьэдекIуэкIын хуейщ. Хамэ сабий щыIэкъым, нобэ зи гугъу тщIы щIэблэр псоми жэуап щIэттхэщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Разинэ Валентинэ** жиIащ Iэмал гуэр иIэхэу сабийр унагъуэм кьыкIэрыпт эзрымыкъунур, ар адэ-анэм кьыIахын и пэ кьихуэу унагъуэм куэдрэ зэрыкIэлъыплъыр, мылъкукIэ уэрымыщIауэ щытмэ, зэрадэIэпыкъур. Сабийр адэ-анэм, кьыдалъхуахэм япэIэщIэ щащIыр абы лей кьытехьэмэщ. «Апхуэдэ кьыщыхьухэм дежи, зыпIыкъин имыIэу зеиншэ дыдэ щыхъуми, сабийр узыншэмэ, ахэр щапI Iуэхущлапlэхэм я Iэжьэркъым, атIэ ахэр бин зимыIэ унагъуэхэм кьащтэ», кьыхигъэщащ министрым и къуэдзэм. Апхуэдэу Наразинэр кьытеувыIащ Сабий унэм щапlэ ныбжьыщIэ 35-м псэупlэ зэрыратынымкIэ тхьилъхэр зэрызэпэщам.

Сабийм и хуитыныгъэр хъуэныным кIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ **Уэгъуэ Светланэ** жиIащ сабийхэр ууей-сысейкIэ зэхамидзу, псоми зэхуэдэу ядэIэпыкъун зэрыхуейр, дэтхэнэ зыри кьащIалъхуа унагъуэм щапlыжьныр зэрыныхъыщхьэр.

